


Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Jadendanfa: *Nimewo 0 a 20, Adisyon ak Soustraksyon*



Chè Fanmi,

Klas nou an ap kòmanse yon inite detid nan matematik ki rele *Nimewo 0 a 20, Adisyon ak Soustraksyon*. Inite detid sa konsantre sou konte, li e ekri chif, epi kontinye travay avèk pwoblèm adisyon e soustraksyon. Objektif espesifik pitit ou pral travay sou li a nan lis anba a avèk egzanp ki montre konpreyansyon elèv yo nan chak objektif enstriktif.

Objektif Enstriktif: Li e ekri chif 0 a 20 epi represante jiska 20 objè avèk yon nonm ekri.	
Egzanp Pwoblèm	Egzanp sou Solisyon Elèv
<p>Talia tap kolekte peni nan bank li. Konte konbyen peni Talia genyen.</p>	<div style="display: flex; align-items: center; justify-content: space-around;"> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; text-align: center;"> <p>Lè map konte, mwen klase chak objè yon fason pou m asire ke li pa konte de fwa.</p> </div> </div> <p style="text-align: center;">Talia genyen 20 peni nan bank li.</p>
Objektif Enstriktif: Konte pa en soti nan zewo rive nan 60.	
Egzanp Pwoblèm	Egzanp sou Solisyon Elèv
<p>Kòmanse nan 35 e konte jiska 60.</p>	<p>“35, 36, 37, 38, 39, 40, 41, 42, 43, 44, 45, 46, 47, 48, 49, 50, 51, 52, 53, 54, 55, 56, 57, 58, 59, 60”</p>
Objektif Enstriktif: Montre e rezoud pwoblèm sou adisyon ak soustraksyon.	
Egzanp Pwoblèm	Egzanp sou Solisyon Elèv
<p>Jesus genyen 9 jwèt avyon. 4 nwa e rès yo wouj. Konbyen jwèt avyon ki wouj?</p>	<div style="display: flex; align-items: center; justify-content: space-around;"> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; text-align: center;"> <p>Mwen itilize bwat pou montre avyon. Answit mwen kolore kat bwat nwa yon fason pou m te wè konbyen mwen genyen ki te rete paske se wouj yo ap ye.</p> <p style="font-size: 1.2em;">$9 - 4 = 5$</p> </div> </div> <p style="text-align: center;">Jesus genyen 5 jwèt avyon wouj.</p>
Objektif Enstriktif: Fasilman adisyon e soustrè nan 5.	

Egzanp Pwoblèm	Egzanp sou Solisyon Elèv
Rezoud pwoblèm sayo: $3 + 2 =$ $5 - 4 =$	$3 + 2 = 5$ $5 - 4 = 1$  <p>Mwen kapab rezoud pwoblèm adisyon ak soustraksyon kote m kapab konte annavan oswa konte annaryè. Mwen kapab konte de twa a kat e answit 5 pou m jwenn repons lan. Lè m genyen yon pwoblèm soustraksyon, mwen kòmanse ak 5 epi m konte annaryè pou jwenn 1.</p>

Panse Matematik ak Pratik sou Obektif Enstriktif: Mwen kapab montre panse m kote m kapab itilize imaj, chif, ak mo.



Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte pitit ou nan inite etid sa:

Konte

Nou kontinye sou estrateji pou konte avèk presizyon e pou pratike konte an gwoup jiska 20 objè. Sa bay plis defi paske genyen plis objè pou kontwòle, men tou paske sekans nonm nan laj adolesans pa swiv menm modèl ak rèss nonm yo. Pa egzanp, panse sou nonm sayo 21, 22, 23 (oswa 31, 32, 33 or 41, 42, 43), answit konsidere rezon ki fè nou pa di 10-en, 10-twa pou 11, 12, 13. Ou kapab sipòte pitit ou jwenn anpil mwayen pou konte ansanm lakay.



Rezoud Pwoblèm sou Istwa

Nan inite sa, elèv genyen anpil apòtinite pou rezoud pwoblèm sou konbinezon (adisyon) e separasyon (soustraksyon) ti kantite. Chèche mwayen pou prezante pwoblèm sou sitiasyon komen: “Genyen sis moun nan fanmi nou. Men grann ak gran papa ap vin jwenn nou pou dine aswa a. Konbyen moun ki pral genyen nan dine a?” Oswa, “Òdinèman, nou genyen sis moun alatab pou dine, men José ap manje lakay yon zanmi li. Konbyen moun ki pral manje alatab?” Oswa, “Si James vle twa tako, e Maria vle kat, konbyen tako map bezwen fè?” Ankouraje timoun pou eksplike kòman yo rezoud jan de pwoblèm konsa. Pi fò elèv jadendanfan kòmanse konte pa en. Genyen kèk ki kapab kontinye konte (oswa konte annaryè) oswa “apèn konnen” kèk konbinezon.

Matematik ak Literati

Ou kapab jwenn liv sayo nan bibliyotèk lokal ou epi li yo ansanm avèk pitit ou. Liv sayo konsantre sou dimansyon, konte annavan e konte annaryè:

- *Chicka Chicka 1, 2, 3* by Bill Martin.
- *Animals on Board* by Stuart J. Murphy
- *From One to One Hundred* by Teri Sloat
- *Mouse Count* by Ellen Stoll Walsh